

Lekòl Kominotè Matènwa
Pou Devlòpman

Gid pwofesè :
Ti konsèy pou anseye ak Liv Lang Manman (LLM)



Lagonav, Ayiti
2022



Ekip Liv Lang Manman, Lagonav, Ayiti

Nou vle remesye tout moun sa yo ki kontribye nan reyalizasyon 50 LLM yo ansanm ak gid pou pwofesè sa a :

Ekip ann Ayiti

Ezner Angervil
Anès Batisma
Roseline Borgella
Samila Edmond
Feronel Jean
Joelle Julien
Abner Jean Sauveur

Ekip oz Etazini

Connie Biewald
Betsy Damian
Michel DeGraff
Yodeline Guillaume
Chris W. Low
Marietta Sbraccia
Pam Smith



USAID
FROM THE AMERICAN PEOPLE



Revizyon : MIT-Ayiti (2022)




© 2014 Liv Lang Manman

Tout dwa pou fè repwodiksyon liv sa a rezèvè. Sa vle di : pèsonn pa gen dwa repwodui oswa distribye okenn pati nan liv sa a. Epi, tout kalite repwodiksyon ak redistribisyon entèdi, kit se elektwonik, kit se mekanik (fotokopi, anrejistreman e latrige) san otorizasyon alekri nan men Liv Lang Manman.

ENTWODIKSYON

Liv Lang Manman (LLM) se yon metòd ki ka sèvi pou anseye ti moun nan nenpòt peyi depi se nan lang manman yo pwofesè yo ap anseye ti moun yo. Se nan zòn Matènwa, Lagonav, ann Ayiti, nou te devlope metòd sa a lè elèv nan zòn lan te bezwen aprann li ; men, yo pa t ka jwenn bon jan liv nan lang pa yo. Nou te rekonèt Ayiti gen yon tradisyon istwa oral ki bèl anpil. Se kon sa nou te devlope metòd LLM lan pou nou kapte kèk istwa sa yo paske sanble tradisyon sa a ap mouri jou an jou. Nan metòd LLM lan, nou kòmanse ak istwa oral ti moun ki chita devan pwofesè yo. Se pwòp istwa pa yo elèv yo rakonte, se sa yo kouche sou papye epi se sa yo li. Tout bagay yo bezwen, apre kreyon ak papye, soti nan tèt yo. Ki donk, sa y ap di, sa y ap ekri, sa y ap li, tout sa koresponn ak nivo kote yo ye nan devlòpman kapasite aprantisaj pa yo.

Pandan Lekòl Kominotè Matènwa ap devlope yon enstiti pou ansèyman ak aprantisaj, nou vle klarifye fason pou anseye pwofesè. Nou vle esplike metòd ki dwe antre nan nannan atelye lekti ak ekriti, nou vle klè sou etap ki genyen nan pwoesisis lekti ak ekriti, epi nou vle rasanble kèk ti lesón ki ka sèvi kòm modèl. Toutotan edikatris ak edikatè yo ap itilize gid sa a, gid la pral vin pi djanm toujou lè n jwenn bon jan remak konsènan evalyasyon manyèl la ak bon ti lesón pwofesè yo ka pataje youn ak lòt nan rezo lekòl yo.



TI KONSEY SOU FASON POU ANSEYE AK METÒD LLM

Atelye lekti ak ekriti nan lang manman gen plis siksè lè nou entegre yo nan bon jan anviwonnanman aprantisaj kote ti moun yo santi yo gen dwa pou yo patisipe nan fabrikasyon konesans (aprantisaj aktif) san kè sote epi lòt moun respekte lide ak kontribisyon yo. Nan yon anviwonnanman kon sa, disiplin pa vle di pinisyon ; men, disiplin mande pou n planifye konsekans ki gen sans pou chak aksyon elèv yo. Pa egzanp, si yon elèv ap vin lekòl san devwa I, yon konsekans lojik se fè li ret fè devwa I pandan rekreyasyon. Kale ti moun, sa se pa yon konsekans k ap bay bon rezulta n ap chache a.

Jan pwovèb ayisen an di : kreyòl pale, kreyòl konprann. Ki donk, nou dwe anseye ti moun yo an kreyòl. Ti moun kon gran moun pa kapab ret chita pandan yon pakèt tan ap tande yon moun san yo pa konprann sa moun lan ap di. Ti moun yo angaje nan sa y ap aprann lè yo patisipe nan devlopman woutin ak prensip nan sal klas la epi, tou, se kon sa youn aprann nan men lòt. Ti moun yo anvi patisipe lè pwofesè pataje pouvwa avèk elèv, menm avèk sa ki pi piti yo tou. Ti moun yo motive travay pi plis lè pwofesè yo ankourajan epi lè pwofesè yo sèvi ak pawòl ki pozitif pou pale ak elèv yo. Lè elèv yo santi yo ba yo atansyon lè y ap pale, gen plis chans pou yo esprime santiman I aloral e alekri : lè elèv yo pa pè pran pinisyon, yo santi yo pi alèz pou yo pran chans pou yo fabrike epi teste konesans pa yo epi sa ede yo aprann pi plis. Lè kon sa, yo gen konfyans nan tèt yo epi yo ka kolabore youn ak lòt pou rezoud pwoblèm. Se sou bon relasyon youn ak lòt pou n bati yon bon jan anviwonnanman pou aprantisaj. Nou dwe apresye chak moun. Se kon sa tout moun ap santi yo ka patisipe nan komunitate lekòl la. Pwofesè se yon fasilitatè aprantisaj. Se pa yon diktatè.



Ansèyman pou klas mwen :

1. M ap toujou souri avèk elèv mwen.
2. M ap pale dousman avèk elèv mwen.
3. M ap ede yo gen chwa aktivite.
4. M ap pran tan pou m tande elèv mwen.
5. M ap itilize materyèl konkèr pou kou yo byen pase nan klas ta.
6. M ap toujou itilize jwèt ak chan pou mete animasyon nam klas mwen.
7. M ap rezève yon ti tan pou m jwe avèk elèv yo moun genyen.
8. Toujou montre pa gen elèv ki pèdi nan klas ta, tout menm.
9. M ap bay tout elèv menm trètman nan sal klas mwen.
10. M ap toujou ròt lòt elèv agrémenté ou pas.
11. M ap toujou pè pou pataje ak pèmèt elèv yo.

10. M ap toujou fè wotasyon lè sa nesesè.
11. M ap toujou ankouraje elèv mwen yo aprann nan konvèzasyon youn ak lòt.
12. M ap toujou prè pou m pataje konesans epi ankouraje elèv yo pataje konesans.



Travay ti moun yo kole sou mi. Chak matyè gen kwen pa l.

Prensip elèv te bati ak pwofesè espoze sou mi. Lè pwofesè a moutre travay elèv yo gen valè, elèv yo bay travay pa yo plis valè.

KI SA OU JWENN NAN SAL KLAS MODÈL ?

Sou mi klas yo

1. **Lis prensip ak konsekans :** Elèv yo ansanm ak pwofesè a kreye yon lis règleman pou sal klas la ka byen mache. Itilize fraz pozitif ki di ki jan elèv yo dwe aji. Pa egzanp :

Fraz pozitif : « Mache lè nou nan sal klas la ». Sa pi bon pase fraz negatif « Pa kouri lè nou nan sal klas la ».

2. **Kwen pou travay elèv yo nan chak matyè :** Espoze travay elèv yo sou mi. Egzanp :

✓ matematik ✓ syans ✓ syans sosyal ✓ ekriti

3. **Postè edikatif :** Yo gen enfòmasyon pou ede elèv yo fè travay endependan. Egzanp :

✓ lèt alfabet dekole	✓ kat jewografi	✓ orè pou semèn lan	✓ kalandriye
✓ sante	✓ lis mwa	✓ lis non elèv yo	✓ tablo matematik

4. **Mesaj sou tablo a chak maten :** Yon mesaj ki oryante ti moun yo sou yon lesyon yo pral fè jou sa a. Pa egzanp :

Mèkredi 10 sektanm 2014

Bon jou elèv yo,

Jodi a nou pral fè lapli tonbe. Mwen pote yon bonm, yon kouvèt ak alimèt.

Ki lòt bagay mwen bezwen ? Ekri lide nou yo sou tablo a.

Nyaj - Chantal

Awozwa - Eli

Dlo - Marie

Bwa - Jean

Mèb nan klas yo

Mèb ou kab ranje plizyè fason diferan pou elèv yo ka travay nan ti gwoup oswa nan gwo wonn oswa pou kont yo.

✓ ban oswa chèz ✓plizyè tab ✓etajè ✓bifèt ✓tablo

An dedan bifèt oswa etajè liv yo

1. **Adwaz ak lakrè** : Toujou genyen lakrè pou elèv yo ka ekri oswa fè desen sou adwaz.

2. **Materyèl klas** : Mete yo nan yon wotè ti moun yo ka pran yo alèz.

✓ papye blan ✓kreyon ✓kreyon koulè ✓kòl ✓gòm ✓sizo ✓klipsè ✓règ ✓jilèt ✓fet

3. **Ti bibliyotèk** : Mete liv ki ekri nan lang manman disponib pou elèv yo gade. Elèv yo gen libète chwazi ki liv yo vle gade nan lè lekti an silans.

✓ liv LLM ✓liv klas la fè ✓liv elèv yo fè ✓diksyonè ✓lòt liv ki enteresan

4. **Materyèl ak jwèt pou travay matematik** : Pataje jwèt lojik ak ti moun yo pou yo ka konprann lesyon matematik pi byen.

✓kat ✓ti wòch ✓grenn ✓bouchon kola ✓alimèt ✓ti blòk ✓kòd ✓domino


KI SA LEKTI ENTÈRAKTIF A WOT VWA YE ? KI JAN NOU FÈ L ?

Lekti entèraktif a wot vwa se yon pwosesis kote pwofesè li yon bon tèks pou klas li. Li prepare ann avans ki lè l ap poze kesyon nan mitan istwa a pou l ankouraje ti moun yo reflechi epi diskite istwa a ansanm. Yon anbyans kote ti moun yo chita alèz nan wonn oswa an gwooup devan pwofesè a, sa enpòtan anpil. Pwofesè a dwe itilize teknik sa a pou l li liv lang manman yo ansanm ak nenpòt lòt tèks elèv yo gen pou yo li. Pwofesè a dwe gen 20 minit chak jou nan orè klas la pou l li pou elèv yo a wot vwa. Souvan, pwofesè yo konn fè aktivite sa a apre rekreyasyon fèk fini pou ede klas la rekonsandre sou devwa yo.



Pwofesè yo ap praktike teknik la.

KI SA YON ATELYE LEKTI YE ? KI JAN NOU FÈ L ?



Atelye lekti se yon fason pou òganize yon klas lekti. Atelye lekti gen eleman sa yo :

Atelye lekti

Ti lesон	5 – 15 minit (Pa oblige gen yon nouvo lesson chak fwa.)
Tan pou lekti	20 – 40 minit (Pandan elèv yo ap li pou kont yo, pwofesè a ap pale ak elèv yo youn apre lòt.)
Pataj	5 – 15 minit

TI LESSON 5 – 15 minit

Ti lesón yo kout epi yo kouvri yon sèl ti sijè. Gen twa (3) kalite ti lesón : pwosedi, teknik epi ladrès ak estrateji.

- 1. Lesón sou pwosedi (oswa sou jan atelye dwe mache)** : Ki jan yon elèv dwe aji pandan atelye lekti a pou l reyisi ladan l. Lesón sa yo dekri ki sa elèv yo ka jwenn nan aktivite aprantisaj la lè yo pral fè lekti pou kont yo (lekti endependan).

Kèk egzanp ti lesón sou pwosedi :

- Ki jan pou yon elèv li ak yon lòt elèv ?
- Ki jan pou yon elèv chwazi yon liv ?
- Ki jan pou yon elèv pwoteje yon liv ?
- Ki sa nou tande pandan lekti a ?
- Ki sa nou wè pandan lekti a ?
- Ki sa nou santi pandan lekti a ?

- 2. Teknik** : Ki entansyon otè a genyen epi ak ki zouti oubyen teknik li sèvi pou l reyalize sa li genyen nan lide l ?

Kèk egzanp ti lesón sou teknik :

Itilize LLM yo oswa lòt liv pou pale ak elèv yo sou plizyè sijè tankou :

- Ki diferans ki genyen ant fiksyon (istwa moun envante) ak istwa ki pa fiksyon (istwa sou evennman ki pase tout bon) ?

- Ki karateristik diferan kalite liv oswa diferan kalite tèks literati genyen : biyografi, mistè, fiksyon istorik (istwa moun envante, men, ki baze sou evennman ki te pase tout bon vre), kont, pwezi e latriye ?
 - Etid sou otè – egzamine plizyè liv yon otè ekri.
 - Kòman otè a itilize dyalòg ?
 - Kòman kòmansman istwa a ka kapte atansyon lektè a pou l anvi kontinye nan lekti a ?
 - Ki opinyon oswa pozisyon pèsonej yo ki nan liv la ?
 - Èske yo ka bay kèk egzanp onomatope (mo ki reprezante oswa dekri yon son, yon bri) ?
 - Èske yo ka bay kèk egzanp metafò ak konparezon ?
 - Ki pwoblèm oswa ki chwa difisil ki nan istwa a ?
 - Èske yo ka bay kèk mo ki sèvi pou bay deskripsyon ?
 - Èske istwa a gen yon finisman ou pa t atann oswa yon finisman ou te gen tan prevwa (ou te gen tan wè oswa ou te gen tan konnen k ap vini) ?
3. **Ladrès ak estrateji pou fè lekti :** Ki ladrès ak ki estrateji elèv la bezwen pou li ka vrèman apresye epi konprann liv la ?

Kèk egzanp ladrès ak estrateji pou fè lekti :

Itilize LLM yo oswa lòt liv pou anseye epi bay demonstrasyon sou ladrès ak estrateji pou fè lekti. Sa se ladrès pwofesè anseye plizyè fwa pandan tout ane a. Pwofesè sèvi ak diferan liv nan diferan jou pou demontre ladrès sa yo.

- Li a wot vwa avèk anbyans, espesyalman nan pati dyalòg yo.
- Chache konprann mo ou pa konnen – itilize konteks ak ilistrasyon pou w ka gen yon lide sa mo a vle di.
- Poze kesyon pandan w ap li.
- Prevwa ki sa ki pral pase.
- Tire konklizyon sou kèk pasaj ou li.
- Konekte istwa nan liv la ak sa k ap pase nan lavi elèv yo.
- Rakonte istwa a ankò a wot vwa.
- Chache lide ki enpòtan yo.
- Chache ki moral oswa ki lesон ou ka tire nan istwa a.
- Distenje ki sa ki se yon done nan reyalite ak ki sa ki se yon opinyon.



TAN POU LEKTI 20 – 40 minit

Pwofesè a chwazi 3-4 elèv pou l pale avèk yo youn apre lòt pandan lòt elèv yo ap li pou kont yo. Premye priyорite a se pou elèv ak pwofesè chita ansanm pou pran plezi nan li liv la ansanm.

Pwofesè a koute ti moun lan k ap li pou li. Pwofesè a ak elèv la diskite tèks la, pwofesè a ap poze kesyon pou l ka tandé opinyon elèv la. Pwofesè a ka sèvi ak dyalòg sa yo pou l evalye konpreyansyon ak ladrès elèv la. Sa ap ede pwofesè a detèmine ki ti leson li dwe anseye pwochèn fwa (gade lis ladrès ak estrateji).

PATAJ 5 – 15 minit

Pataj se yon tan ki enpòtan anpil pou elèv yo ka aprann ladrès ak estrateji youn nan men lòt.

Kèk egzanp pataj :

- Elèv la esplike kèk rezon li renmen oswa li pa renmen liv li t ap li a.
- Elèv la li yon pati nan liv li ta renmen diskite avèk klas la.
- Elèv la pataje yon pati nan liv li t ap li a ki ilistre ti leson lòt elèv yo te aprann nan menm jou a.
- Elèv la konpare yon evennman ki te pase nan liv la ak yon evennman ki te pase nan lavi li. Sa se yon koneksyon ant tèks la ak lavi elèv la.
- Elèv la konpare istwa nan liv l ap li jodi a ak yon lòt iswa li te déjà li anvan sa. Sa se yon koneksyon ant 2 tèks.



Pwofesè a pran istwa elèv li yo epi l ekri istwa yo sou table a
Pwofesè a kreye materyèl pou jwèt sou alfabè a



Elèv yo desinen plizyè pawòl ki nan istwa a



Istwa sou mi sèvi kòm modèl pou elèv yo



Elèv yo ap ekri epi desinen liv



Elèv yo fyè lè yo ekri liv. Yo mete liv sa yo nan bibliyotèk ki nan sal klas la

KI SA YON LIV LANG MANMAN (LLM) YE ? KI JAN NOU FÈ L ?

Metòd LLM se yon teknik pou kreye liv pou elèv yo. Nan premye seyans lan, pwofesè a prezante plizyè liv devan klas li. Klas la chwazi youn nan liv yo pou pwofesè a li pou yo. Apre sa, elèv yo fè ti teyat sou li. Nan dezyèm seyans lan, elèv yo esplike yon istwa pa yo oubyen yon espéryans ki sanble ak istwa nan liv la. Pwofesè a ekri mo elèv yo sou table a oubyen sou papye sik. Ti moun yo

fè ti teyat sou istwa pa yo epi yo korije l pou gramè, lojik, klète ak lòt detay. Nan twazyèm seyans lan, pwofesè a prezante istwa ki vin korije a sou gwo fèy bristòl. Elèv yo fè ti desen pou plizyè pawòl nan istwa a epi yo kole desen yo sou bristòl sou tèt pawòl yo. Nan katriyèm seyans lan, chak ti moun chwazi yon fraz nan istwa a pou yo ekri epi ilistre sou yon papye blan epi yo pratike lekti pawòl sa yo. Nan senkyèm seyans lan, elèv yo fin mete detay nan desen yo, mete paj yo nan lòd epi klipse liv la ak tout po li. Pandan semèn lan, pwofesè a sèvi ak istwa sa a pou l anseye lesion fonetik ak gramè. Li espoze travay sa a sou mi pou elèv ka sèvi ak li kòm modèl pandan atelye lekti ak ekriti.

Demach	Preparasyon pwofesè yo pandan jou avan yo	Aktivite pou chak seyans
Premye seyans : <ul style="list-style-type: none"> Tande liv oubyen fè yon esperyans. Jwe teyat. 	<ol style="list-style-type: none"> Chwazi plizyè liv istwa ki ka chofe elèv yo pale sou esperyans pa yo. Espoze istwa sa yo yon kote nan sal klas la tankou nan tèt etajè a oubyen devan tablo a. 	<ol style="list-style-type: none"> Negosye pou ti moun yo chwazi youn nan liv istwa yo. Prezante imaj ki nan liv la (5 minit). Li istwa a pou tout elèv yo. Poze kesyon pou mennen diskisyon k ap ede konpreyansyon. Chwazi elèv pou jwe ti teyat, pou fè aksyon ki nan istwa a pandan w ap li pou klas la. Li ankò, men, fwa sa a, ti moun yo pale nan wòl yo.
Dezyèm seyans : <ul style="list-style-type: none"> Jwe teyat. Fè premye bwouyon istwa elèv yo sou papye sik. Korije epi jwe jwèt sou gramè. 	<ol style="list-style-type: none"> Liv yo te chwazi. Lakrè ak gwo tablo. Papye ak kreyon pou fè lis tit. 	<ol style="list-style-type: none"> Reli menm liv la ankò. Rapple sa k te pase nan istwa a. Ti moun yo chwazi si yo vle rakonte istwa yo te tandem a oubyen kreye yon nouvo istwa ak pwòp mo pa yo. Negosye nouvo tit ak elèv yo. Ekri tit sa yo sou papye. Vote. Sere rès tit yo pou yon lòt jou. Kòmanse ekri nouvo istwa a sou tablo. Kite anpil espas pou si fraz yo bezwen korije oubyen ajoute. Korije istwa a pou gramè ak ponktyasyon. Fè jwèt sou gramè. Chache lèt ak mo. Bat bouch sou tèks ki ekri sou tablo a.

Twayèm seyans : <ul style="list-style-type: none">• Li gwo liv.• Fè desen ki ilistre pawòl ki enpòtan nan istwa a.• Kole ti desen sou fèy bristòl.	<ol style="list-style-type: none">1. Ekri istwa ki vin korije a sou gwo fèy bristòl (Nou rele vèsyon sa a « GWO LIV »).2. Ekri mo ki nan gwo liv la nan moso bristòl pou fè jwèt sou vokabilè ak gramè.3. Asire w ke genyen kòl, tep, fet, kreyon, kreyon koulè ak sizo tou prepare.4. Prepare ti moso papye blan.	<ol style="list-style-type: none">1. Chwazi elèv ki pa ko jwe teyat pou yo jwe li pandan w ap li nouvo istwa sou bristòl.2. Kreye ti desen sou ti papye pou kèk mo ou vle yo aprann.3. Identifye desen ki ilistre mo nan fraz yo.4. Kole desen sou tèt mo sou gwo liv bristòl la.5. Chwazi yon elèv ki pral manyen chak mo ak yon ti bwa pandan w ap reli istwa a ansanm avèk ti moun yo.
Katriyèm seyans : <ul style="list-style-type: none">• Jwe teyat.• Jwe jwèt sou gramè.• Ilolistre liv.	<ol style="list-style-type: none">1. Prepare papye blan. Trase kèk liy orizontal kote ou pral ekri fraz. (Elèv ki nan klas 2^{yèm} – 6^{yèm} ane ka fè sa pou kont yo pandan klas la.)2. Ekri chak fraz nan yon fèy blan apa.3. Mete tout kreyon koulè yo a disponib pou elèv yo.	<ol style="list-style-type: none">1. Reli gwo liv la, jwe teyat.2. Fè ti rapèl sou gramè a.3. Chak elèv ap chwazi fraz yo pral ilistre a.4. Pandan y ap desinen, elèv la ap pratike lektif fraz pou pwofesè a ak lòt elèv yo.5. Li chak fraz pou elèv yo, epi pote kritik sou desen sa yo ki gen mank ladan.6. Bay ase tan pou elèv yo fè bèl desen. Ranmase tout papye.
Senkyèm seyans : <ul style="list-style-type: none">• Amelyore desen ki pa byen ilistre fraz yo.• Kole liv.• Reli istwa a epi fè teyat.	<ol style="list-style-type: none">1. Mete paj yo nan lòd. Li istwa a.2. Note ki desen ki fini ak ki desen ki manke.	<ol style="list-style-type: none">1. Bay tout moun paj pa yo pou yo pratike lekti fraz pa yo. Asire chak desen byen ilistre fraz ki koresponn ak li a. Bay konsèy.2. Mete tout paj liv la nan lòd epi kole liv la oswa klipse l.3. Li liv la ansanm.4. Prezante liv la devan yon lòt klas (sa ka fèt menm jou a oubyen yon lòt jou).



PWOESIS EKRITI

Nenpòt sa w ap ekri, kit se yon liv yon klas ekri an konbit oswa yon liv yon gress elèv ekri pou kont li, pase nan etap sa yo :

1. Chache oswa brase lide

Li kèk liv nan lang manman (LLM) ki enteresan. Pale sou yo. Ki sa ti moun yo renmen ladan yo ? Mande ti moun yo sou ki sa yo ta renmen ekri yon liv.

Ekri tout lide ti moun yo bay. Chwazi youn nan lide yo.

Pale sou lide a. Sa ka ede elèv yo lè y ap rakonte istwa avan yo ekri l epi abouti sou dezyèm etap la ki se : planifye epi òganize.

2. Planifye epi òganize

Gen plizyè fason ou ka òganize yon tèks. Yon istwa dwe gen kòmansman, mitan ak fen.

Yon istwa ki satisfè lektè a souvan gen kalite sa yo :

- yon bon deskripsiyon sou kote istwa a ap pase,
- yon pèsonaj oswa plizyè pèsonaj ki gen kèk pwoblèm, epi
- yon solisyon oswa repons pou pwoblèm nan.

Yon otè gen plizyè zouti : yon deskripsiyon ka itilize mo ki gen rapò ak sans moun : je (wè, vizyon), nen (sant), bouch (gou), zòrèy (son), men oubyen po (touche, sansasyon), dyalòg, kèk vèb ki gen fòs, kèk mo ki ranje ansam oswa ki parèt plizyè fwa yon fason espesyal pou ede devlope istwa a. Pwofesè a dwe raple elèv yo zouti sa yo. Epi tou, yo ka mete kèk postè nan klas la ki gen egzanp zouti sa yo.

3. Ekri yon premye bwouyon

4. Ranmase kèk ti kòmantè ak sijesyon ki pou ede nan revize epi korije bwouyon an. Se nan

etap sa a nou dwe asire se istwa sa a ki chaje ak pi plis detay epi ki pi enteresan pamitout istwa nou te ka ekri. Otè a pataje istwa a.

Kesyon pou ede elèv yo revize epi amelyore istwa pa yo :

- Ki sa ou te tandé nan istwa a ?
- Sou ki sa ou ta renmen konn plis bagay ?
- Èske gen yon pati ki pa klè ?
- Èske ou satisfè ak jan istwa a fini ?
- Èske ilistrasyon ak tèks yo mache ansanm ? Èske yo fè sans ?
(Egzanp : Si tèks la di yon moun tris, desen an pa ka yon moun k ap souri byen laj. Si tèks la di flè a wouj, desen flè a dwe wouj tou.)
- Èske otè a itilize dyalòg ?
- Èske otè a itilize mo ki konekte ak sans moun (tankou son, gou ak sant) ?


5. Revizyon — dezyèm bwouyon — entegre ti kòmantè

Korije daprè kòmantè yo ak jan elèv yo reponn kesyon revizyon yo.

6. Revizyon — twazyèm bwouyon — entegre koreksyon gramatikal

Korije daprè règ gramè : asire ou eple mo yo byen, asire w itilize lèt majiskil ak lèt miniskil byen, asire w itilize ponktiyasyon byen (kote pou w mete pwen, vigil e latriviye).

Mete yon lis sou mi a pou elèv yo ka verifye yo fè tout bagay sa yo.



KI SA YON ATELYE EKRITI YE ? KI JAN YO FÈ L ?

Atelye ekriti se yon fason pou organize yon klas ekriti. Li gen eleman sa yo :

Atelye ekriti

Ti leson	5 – 15 minit	(Li pa oblige dire valè tan sa a chak fwa.)
Tan pou ekri	20 – 45 minit	(Pandan elèv yo ap ekri, pwofesè a ap chwazi 3 oswa 4 elèv pou fè ti dyalòg youn apre lòt.)
Pataj	5 – 15 minit	(Elèv yo li sa yo ekri a epi youn pran ti kòmantè ak sijesyon nan men lòt.)

TI LESSON 5 – 15 minit

1. Yo kout.
2. Pale sou yon sèl bagay oswa sou yon sijè.
3. Bati sou sa elèv k ap ekri yo dwe konnen epi ki itil tou swit. Pwofesè a dwe poze tèt li kesyon sa a : « Ki pwoblèm m ap eseye ede elèv k ap ekri yo rezoud ? ». Itilize LLM ki deja pibliye yo pou anseye ti leson yo. Fasilite diskisyon ak elèv yo sou nenpòt nan sijè pi ba yo.
4. Pwofesè yo itilize ti leson yo (hou dekri kèk egzanp pi ba la a) pou anseye diferan etap nan pwosesis ekriti a epi ki ladrès elèv yo dwe itilize nan etap sa yo.

Kèk egzanp ti leson

Ki sa yon bon kòmansman istwa ye ? Ki jan pou w ekri l ?

Pran egzanp kèk fraz — pran kèk fraz ki raz ak kèk fraz ki pi enteresan. Li fraz yo. Mande ti moun yo kiyès ki pi enteresan pou yo. Pou ki sa ? Mande yo ki jan yo ka revize fraz ki raz yo pou fè yo vin pi enteresan ?



Ki sa yon mitan istwa ye ? Ki jan pou w ekri l ?

Anpil fwa, nan mitan yon istwa, pèsonaj prensipal la ap eseye rezoud yon pwoblèm oswa l ap eseye reyalize yon objektif. Men, gen yon bagay ki anpeche l fè sa. Panse sou kèk lide epi vin ak yon pwoblèm pou pèsonaj la ansanm ak plizyè fason li ka eseye rezoud pwoblèm lan. Anpil fwa, pwoblèm lan se yon lòt pèsonaj ki nan istwa a.

Ki sa yon fen ki satisfè lektè a ye ? Ki jan pou w ekri l ?

Fen an sentiwon : Istwa a fini ak yon bagay ki te nan kòmansman l. Li gen dwa repete yon pawòl, yon fraz oswa yon imaj.

Fen ki emosyonèl : Li bay lektè a yon gwo emosyon. Si istwa sa a te yon reyalite (yon bagay ki te pase tout bon), ou dwe eseye fè lektè a santi sa w te santi lè evennman an te rive w la.

Sipriz : Si w itilize yon modèl ki parèt plizyè fwa pandan tout istwa a, ou kab chanje l nan fen istwa a pou w ka fè lektè a yon sipriz.

Moral istwa : Chache egzanp nan LLM : « Wilna gen yon twalèt nan nwit » .

LANGAJ KI DESKRIPTIF, LANGAJ KI FIGIRATIF

Lè n ap ekri, nou itilize bwat zouti ki nan men nou, kòm otè, pou n kreye yon imaj ki klè nan lespri lektè a.

Imaj ki konekte ak sans moun

Pwofesè a mande elèv yo pou yo imajine yon pye bwa. Fè desen yon pye bwa san w pa kite pèsonn lòt moun wè l. Fè elèv yo montre youn lòt desen yo fè a. Pou ki sa desen yo diferan ? Se paske nou pèsevwa anviwonnan nou a travè sans nou. Alòs, nou ka kontwole sa lektè a imajine a travè mo ak imaj ki konekte ak sans moun. Kouman nou tout ka imajine menm pye bwa a ? Mande yon elèv volontè pou dekri an detay imaj pye bwa ki nan lespri l la : kalite pye bwa a, gwosè li, fòm li, koulè li epi sant li.



Konparezon ak metafò

Chwazi yon espresyon :

Di tankou_____. Gwo tankou_____. Lib tankou_____. Mou tankou_____.

Elèv yo fini fraz yo. Pwofesè a ekri lis fraz yo.

Detay sou kote istwa a ap pase

Itilize tout sans ou pou w dekri : yon sal klas, lakou lekòl la, dlo ak yon jaden.

Dekri yon pèsonaj nan yon istwa

Chache epi bay egzant nan kèk LLM ki montre sa. (Gade nan « Tablo 50 LLM yo » ki nan anèks la.)

Monològ

Pawòl yon pèsonaj ap pale pou kont li, nan kè l. Ki sa pèsonaj la ap panse ? Kòm se ou menm k ap kreye pèsonaj yo, ou konnen ki sa y ap panse.

Kèk vèb ki byen presize yon aksyon

Pwofesè a di yon fraz ki ka parèt yon jan vag : « Li travèse chanm lan ». Epi li mande elèv yo pou yo pi byen presize aksyon an epi pou yo montre plizyè jan yon moun ka travèse yon chanm.

- Li travèse chanm nan pandan l ap kouri.
- Li travèse chanm nan pandan l ap danse.
- Li travèse chanm nan pandan l ap galope.

Lòt fraz ki vag

Jwe ak boul la.

Fè manje a.

Manje manje a.

Onomatope

Yon mo ki reprezante yon yon bri ki makonnen ak yon aksyon oswa yon evennman.

Egzant : « myaw » se rèl yon chat.

Repetisyon

Gen anpil egzant nan kont ayisyen yo. Pa egzant : Nan kèk kont, gen yon bèt ki parèt epi gen yon bagay ki pase ; epi gen yon dezyèm bèt ki parèt, menm bagay la pase. Pou twazyèm bèt ki parèt la, yon bagay diferan gen dwa pase.

Elaji oswa ajoute sou yon bagay ki pase nan istwa a

Chwazi yon pati nan yon istwa ou ta renmen konn plis bagay sou li epi mande elèv nan klas la pou yo vin ak yon fason yo ka fè pati sa a vin pi long e pi detaye.

Pran egzant liv LLM Betchiencard ak yon ti tonton, pran moman oswa pati ki di Betchiencard anmègde ti tonton an epi li fache. Kreye yon istwa ki bay plis detay sou sa ki pase ant Betchiencard ak ti gran moun lan, sa Betchiencard te di ki fè ti gran moun lan fache, detay ki montre ti gran moun lan te fache. Sèvi ak dyalòg, deskripsyon epi pèsonaj k ap pale nan kè yo (monològ).

Pandan elèv yo ap ekri, pwofesè a dwe fè ti pale apa ak chak elèv. Men kèk ti konsèy pou dyalòg sa yo.

TAN POU EKRI AK DYALOGÉ 20 – 45 minit

Tande epi poze kesyon

1. Tande sa ti moun lan ap di sou istwa li a.
2. Mande ti moun lan ki sa li konprann.
3. Mande ti moun lan pou l esplike oswa pale plis sou pati li pa konprann yo. Ou ka di l kon sa : « Di mwen plis sou... », « Mwen pa klè sou... », « Mwen pa konprann... ».
4. Mande : « Ki sa ou pral fè aprè sa ? »

PATAJ 5 – 15 minit

1. Otè a pataje istwa pa l.
2. Pwofesè a poze klas la kesyon sou istwa otè a.
3. Otè a ranmase kèk ti kòmantè ak sijesyon nan men pwofesè a ak lòt elèv.

KI SA YON JOURNAL PÈSONÈL YE ? KI JAN NOU FÈ L ?

Jounal pèsonèl se yon ti kaye kote ti moun yo ka desinen ladan l epi ekri yon mo oubyen yon ti fraz an ba desen li. Swivan laj ti moun lan, pwofesè a ka ede l chache lèt sou yon kat alfabè ki bay son oswa bri lèt li bezwen pou ekri chak mo. Pwofesè a sèvi ak menm demach nan atelye ekriti. Li bay yon ti lesion, yon tan pou ekri epi yon ti tan pou ti moun yo pataje travay yo. Pandan ti moun yo ap ekri, pwofesè a ap mache nan sal klas la pou l ede yo chache son oswa bri lèt yo. L ap ede ti moun ki pa kapab derape pou kont yo.

KI SA YON TI LIV YE ? KI JAN NOU FÈ L ?

Prepare plizyè fèy bristòl ak papye blan menm lajè ak menm longè. Moutre ti moun yo ki jan pou yo mete fèy bristòl la sou de fèy blan epi plwaye yo ansanm epi klipse yo.

Kounye a li gen yon ti liv ki genyen 4 paj (8 bò) epi yon kouvèti ak bristòl. Mande chak ti moun pou l reflechi sou yon espéryans ki te pase l yon lè. Apre li di istwa li a aloral, li ka kòmanse desinen ak ekri nan ti liv la.



Pou n konkli manyèl LLM sa a, an n gade Dikalove, yon ti fi 7 lane, k ap li yon liv nan lang manman nan Lekòl Kominotè Matènwa, nan zile Lagonav :

<http://www.youtube.com/watch?v=UynXK7MJxZ4>

Tablo 50 LLM yo – Seri 1

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elajii sou yon bagay ki pase nan istwa a
Amizman nan nèj	2èm ane													
Amonplonjon	3èm ane		X	X		X			X			X	X	
An ba yon bél pye mapou	3èm ane			X							X	X	X	
Anmègdan gen remèd	2èm ane	X			X									
Baskètbòl	3èm ane									X				
Batiman	3èm ane													
Bèf ak Kabrit	1 ^e ane			X	X				X		X	X		
Bèt mwèn pi renmen se bourik	2èm ane													
Bourik itil	3èm ane													
Chat	2èm ane										X			
Chat ak sourit	1 ^e ane		X	X	X					X		X		
Chat Don Kerry a	2èm ane					X			X	X		X		
Chen Gallardo a	2èm ane													
Dofen nen boutèy	3èm ane								X					
Esperyans ble	2èm ane		X	X	X				X		X			
Èl Yonke	3èm ane		X			X	X		X					
Foutbòl	3èm ane													
Grenn nèj : Bèl bijou sezon livè	2èm ane													
Hadaska monte yonpye zanmann	1 ^e ane			X	X					X			X	

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen ampil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elajji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Istwa Jak ak Padisa	3èm ane													
Istwa yon ti bèf	3èm ane													
Jaden legim papa m nan	3èm ane													
Kabrit	1 ^e ane													
Kachalo	3èm ane													
Kawòt	2èm ane													
Kawòt majik yo	3èm ane													
Kèk done sou lanèj :yon liv ki bay kèk done enteresan sou lanèj	2èm ane													
Kèk sèvis mwen rann lakay mwen	3èm ane													
Ki jan yo fè ji sitwon	1 ^e ane					X				X				
Koukou	3èm ane								X					
Kous matematik	1 ^e ane													
Krapo itil	3èm ane													
Lavi Milliene	1 ^e ak 2èm Ane													
Liv sou santiman	Kindè													
Melon	3èm ane													
Mwen se Hernitte Rivière	1e ane							X			X			
Nan lakou lakay	1 ^e ane													
Polis san zam	3èm ane	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
Poul	1 ^e ak 2èm ane					X			X					
Rèv nou	3èm ane										X			

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen ampli detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Istwa Jak ak Padisa	3èm ane													
Istwa yon ti bèf	3èm ane													
Jaden legim papa m nan	3èm ane													
Kabrit	1 ^e ane													
Santiman konsènan lanèj : Sa nou renmen nan lanèj	2èm ane													
Ti Boulous	1e ane													
Ti kabrit papa Jean Marc la	1e ane													
Ti kochon ap chante	2èm ane													
Tonton Ligou	3èm ane													
Tonton Vayola	3èm ane													
Wilna ak yon twalèt nan nwit	2èm ane	X	X	X	X	X	X		X		X	X	X	X
Yo genyen, nou genyen	Kindè													
Zaboka	1 ^e ane		X						X					
Zabriko	2èm ane													

Anèks - Tablo 50 LLM yo – Seri 2

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onoma-tope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
1-2-3 Gade Konbyen !	1	X					X							X
Adali, Panplemous ak lalin nan	8	X		X			X						X	
Avanti Charles yo	7			X	X		X							X
Avanti Edga yo	8		X	X	X		X		X					
Avanti Kristèl lamanten an	8			X	X		X						X	
Avanti nan Wayomeng			X				X		X	X				
Avanti Saj la	3-4		X	X		X	X		X				X	
Baskètbòl	7	X	X				X		X					
Bèl materyo	1	X	X				X		X		X			
Bèt lanmè : yon liv matematik	1						X							X
Dinozò Mezozoyik	5-6						X							
Dinozò Paleyzoyik	5-6						X							
Dinozò Senozoyik	5-6						X							
Djab la ak Kabrit	P2	X	X	X			X					X	X	
Dofen ak Reken	1						X							
Dofen nan lanjelis	8	X	X	X		X	X		X	X	X		X	X
Dyagram matematik	3-4		X				X		X					
Fason pou fè chif	1	X					X							
Fòm	1						X							

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmansman	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Fòm differan	1						X							
Gwo kous La	3-4	X	X	X	X		X	X	X	X		X	X	X
Gwo rekenblan an grangou	1	X					X							
Kalandriye fêt nesans lan	1						X				X			
Kat (4) ti kana ak konè krém yo	1	X					X							
Kémít avèk Kèvènn				X		X	X			X				
Kominote se	3	X					X	X						
Konte bète oseyan	1						X							
Koulè	8						X							
Koulè lakansyèl yo	3													
Lannou se lanmou	7				X									X
Lous polè	1						X		X					
Materyo nan anviwonman nou	1	X					X		X					X
Na na, na na 1, 2, 3	1	X										X		
Néf mons	1	X					X							
Nina ak papa I	1			X		X	X						X	X
Nimewo: Yon liv sou zannimo oseyam	1						X							
Papiyon	7-8						X		X	X				
Pengwen ak Pwasan	1						X							
Poul majik la	7	X				X	X				X			
Ras chyen	7						X		X					
Sa ki enpôtan de mwen menm	2	X					X		X					X
Sourit mizisyen yo	7	X		X	X		X	X		X		X		X
Tout sa nou aprann sou materyo konstriksyon	1		X				X		X					X

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmansman	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Yon jounen entèvyou sou maladi	5-6								X				X	X
Yon pwason sòti nan dlo	8	X		X	X		X						X	X
Yon tap tap k ap chante		X			X		X	X				X		X
Yon tòte wouj ki fache	8	X					X		X					
Zannimo fèm : yon liv matematik	1						X							
Zannimo oseyan : Èske w te konnen ?	1						X		X					
Ze Wa A	2				X		X		X				X	X

Anèks - Tablo 50 LLM yo – Seri 3

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onoma tope	Gen dyalòg	Elaij sou yon bagay ki pase nan istwa a
Atrap zetwal yo	7	X	X	X	X		X							X
Avanti Chouchou a	3-4	X		X		X	X		X	X	X			
Avanti Poulen yo	7	X	X	X			X			X			X	
Bibi, ti kabrit nwa a		X	X	X	X	X	X				X	X	X	X
Billy, Pòmdetè Distraksyon	3-4	X	X	X				X						X
Bourik itil	3	X	X	X	X	X	X		X					
Bourik	1						X							
Boustabek ak Chen Mawon	6	X	X	X	X		X						X	
Cevenson ak yon bourik	3	X	X	X	X	X	X					X		X
Chat ak chen	1	X	X	X			X	X		X		X	X	X
Chat mari	3	X	X	X			X				X			
Chèche Trezò	3-4	X	X	X			X	X	X	X	X		X	X
Chòv sourit ki pa t kapab vole a	3 ANS	X		X	X		X				X			X
Djak, yon zwazo brav	2 ANS	X	X	X	X	X	X						X	X
Dwagon Twopikal la ak Likonn Lavil la	3-4	X	X	X		X	X			X	X		X	
Emili renmen chante		X	X			X	X				X		X	
Foutbòl ameriken	7	X	X				X							
Fwi nou pi renmen yo	3	X					X							
Gason titàn Titanium	3-4	X					X			X	X	X	X	
Gwo kous la	3-4	X		X	X		X	X		X		X	X	
Istwa yon koulèv kit ap peche	2	X	X	X		X	X							

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Istwa yon ti chat		X		X		X	X						X	
Jwenn Charlòt	3-4	X		X		X	X						X	
Ki jan chen vin pi bon zanmi moun	3-4	X	X			X	X						X	
Ki jan jiraf fè gen kou long ak pou ki sa lyon chase jiraf	3-4	X	X			X	X		X	X	X		X	
Ki jan myèl aprann wonwonnen	3-4	X	X	X		X	X		X			X		
Ki jan naval fè gen kòn	4	X	X	X		X	X			X			x	
Kochon an ak kanson wouj la, ak kaskad majik la	3-4	X	X	X		X	X		X		X	X	X	
Kochon denn ki te manje twòp la	3-4	X	X	X	X	X	X		X	X			X	
Kochon Denn	7	X	X				X		X				X	
Makak ak fig dore a	3-4	X	X	X	X		X		X	X	X			
Mouton	1	X					X		X					X
Pou ki sa bèt pa pale	4	X	X	X		X	X		X	X			X	
Pou ki sa kochon denn pa gen ke	4	X	X	X	X	X	X			X			X	
Pou ki salapli a mouye	3-4	X	X	X		X	X						X	
Premye jounwen nan Etazini	9	X	X	X	X	X	X		X					X
Senk lavil	8	X					X		X					X
Solèy	2	X	X				X		X					X
Ti likonn nan	7	X	X	X	X	X			X	X			X	
Ti lou a ak gwo dragon	3-4	X	X	X		X	X		X	X		X		

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onoma-tope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Tig la ak amstè a	7	X	X	X	X	X	X			X			X	
Yon fab sou krapo	3-4	X	X	X	X	X	X			X	X			
Yon lous ki fezè	3-4	X	X	X	X	X	X		X	X			X	
Yon lyon ki renmen zanmi	1ANS	X	X	X		X	X							
Yon vwayaj Pòtoprens	5	X	X	X	X		X		X				X	X
Zandolit ak ti chat	2	X		X	X		X					X		
Zanmi ak Kaskadè	3-4	X	X		X		X							
Zanmi	8	X	X	X	X	X	X							X
Zè emwòd la	3-4	X	X	X	X		X		X	X			X	
Ze wa a	3-4	X	X	X	X		X		X	X			X	

Anèks - Tablo 50 LLM yo - Seri 4

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onomatope	Gen dyalòg	Elaji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Bare Vòlè	2	X	X	X	X	X	X		X	X			X	X
Chadèk	2	X	X				X		X					
Cheni	2	X	X				X		X					
Cheval	2	X	X		X		X		X					
Dahana ak yon bekàn	2	X	X	X	X	X	X					X		X
Dlo gen anpil enpòtans	P1	X	X				X		X	X				X
Eleman natirèl yo	3	X	X		X		X		X					
Estevenson ak yon zandolit	2	X	X	X	X		X			X	X	X		
Fè byen se fwèt	2	X	X	X	X	X	X			X			X	
Fifi renmen monte bekàn	5	X	X	X	X	X	X					X		X
Fig Bannann	P2	X	X		X		X							
Foumi	2			X	X		X		X	X	X			X
Gadinay bëf	3	X	X		X		X		X					X
Istwa yon pye kenèp	3	X	X	X	X	X	X		X				X	X
Jaden manyòk	2-4	X	X	X			X		X					
Jaden mayi papa m nan	3	X	X	X		X	X		X					
Jaden pwawo manman m nan	1	X	X	X	X		X							X
Kanaval nan peyi m	1	X	X				X		X					X
Kay beton	1	X	X		X		X		X					
Kòk kalite papa m nan	2	X	X	X		X	X					X		X
Konpè zandolit monte batiman	5	X	X	X	X	X	X	X		X		X	X	

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onoma-tope	Gen dyalòg	Elajji sou yon bagay ki pase nan istwa a
Konpè Kabrit renmen bekàn	4	X	X	X	X	X	X		X		X	X		
Koulèv	3	X	X		X		X		X					
Krapo ak zanmi l yo	2	X	X	X	X	X	X					X		
Lanmè	3	X	X				X		X					
Legim	1	X	X		X		X		X					
Mango	2	X	X		X		X		X					
Mari ak Kalo	2	X	X		X	X	X							
Mayi	P2	X					X		X					
Mizè m poukò m	1	X	X	X	X	X	X				X			
Moman sechrès nan peyi m	2	X	X		X		X		X		X			X
Mwen renmen lekòl mwen	4	X			X		X							X
Nadèlson ak yon bourik	2	X	X	X	X	X	X	X						X
Paryaj konpè chen ak konpè chat	2	X	X	X	X	X	X		X	X	X			
Poul ak malfini	3		X	X	X	X	X		X				X	
Poul	4	X	X		X		X		X					
Prentan	3	X	X				X		X					
Pyebwa pale	5	X	X	X	X	X	X						X	X
Ralf bay Dèv ak Patrik yon bél leson	3	X	X	X	X	X	X							X
Rat renmen manje mayi	4	X	X	X	X	X	X		X	X			X	
Sandal Kenkenn nan	1	X	X		X	X	X		X	X			X	X
Stesi ak yon milèt	3	X	X	X	X	X	X			X			X	
Tenten	1		X			X	X		X					
Ti chen papa m nan	3-4	X	X	X	X	X	X						X	X
Tijo ak fousi pa zanmi	3	X	X	X	X	X	X		X	X	X	X		X

Tit	Pou klas	Gen bon tit	Gen bon kòmans-man	Montre yon objektif ak yon pwo-blèm	Fini ak yon leson moral	Fini an sentiwon	Gen imaj ki konekte ak sans	Gen metafò ak konparezon	Gen anpil detay	Gen vèb ki presize aksyon	Montre panse yon pèsonaj oswa monològ	Gen onoma-tope	Gen dyalòg	Elaij sou yon bagay ki pase nan istwa a
Vakans	3	X	X		X		X		X					
Vwayaj sou lanmè	3	X	X	X	X		X			X			X	X
Yon pòv k ap mande an ba yon pye bwa	1, 2	X	X		X		X						X	X
Yon ti gason ak yon kochon	3	X	X	X	X		X			X		X		X
Zoranj	2	X	X				X		X					



Liv Lang Manman ⇒ Mother Tongue Books

Lekòl Kominotè Matènwa ⇒ Friends of Matènwa

Matènwa, Lagonav, Ayiti ⇒ Cambridge, MA 02138

Tel: 011-509-3182-2344 ⇒ Tel: 001-617-543-8844

www.matenwaclc.org ⇒ MotherTongueBooks@gmail.com

ISBN 978-1-940502-55-7

